

Jeneng:

Kelas:

GLADHEN BAB GEGURITAN

Isinana kothak ngisor iki kanthi wangsulan kang trep

RA MOKAL

Ra mokal yen bocah-bocah takon aku
Pak, angka jawa nggo ngetung apa
Apa bisa dak nggo bakulan ula
Apa bisa dak nggo tamba lara
Lha yen pasar wis nganggo kalkulator
Pak dhokter wis sarwa komputer
Ditutul thet dadi mesin jet
Diuntir-untir dadine nuklir
Nganti ambune kiyamat wis krasa cedhak
Katon tombole ing pangkalan-pangkalan
Lan aku isih kok pleter carakaan
Apa aku bisa balapan
Le, thole
Basa Jawa ra bisa dienggo golek kerja
Angka Jawa ateges etung-etungan
Ngeleluri satra Jawa ora ateges dodolan kewan
Kuwi sawijining kabudayan
Yen copot ateges awakmu ora kathokaan.

1. Irah-irahan geguritan

2. Tema geguritan

3. Ragam basa sajrone geguritan

4. Amanat geguritan

5. Surasa/isi geguritan

